

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Rumusan masalah anu dijawab dina ieu panalungtikan nya éta ngeunaan kaayaan unsur budaya masarakat Désa Tanjungsing, sajarah tradisi ngaruat lembur di Désa Tanjungsing, runtuyan sarta prak-prakanana tradisi ngaruat lembur di Désa Tanjungsing, analisis unsur sémiotik anu aya dina tradisi ngaruat lembur numutkeun kana ulikan sémiotik Charles Sanders Peirce, larapna hasil panalungtikan ngeunaan tradisi ngaruat lembur pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif-kualitatif. Métode deskriptif-kualitatif téh nya éta métode panalungtikan anu dipedar ku cara didéskripsikeun dina wangun narasi sarta data hasil panalungtikanana téh lain dina wangun itungan. Téhnik ngumpulkeun jeung ngolah datana nya éta ngagunakeun téhnik studi pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Anapon instrumén panalungtikan anu digunakeunana nya éta pedoman wawancara, format observasi, *handphone*, jeung kaméra.

Masarakat Désa Tanjungsing teh bisa disebut masarakat anu euyeub ku kabudayaan. Hal éta bisa katitén tina unsur-unsur budaya anu aya di masarakatna, nya éta dina: (1) upacara-upacara kaagamaan anu masih kénéh sok dilaksanakeun ku masarakatna; (2) sistem kekerabatan masarakatna anu diébréhkeun ngaliwatan gotongroyong; (3) sistem pangaweruhna ngeunaan itung-itungan waktu, cara ngolah sawah, jeung atikanana; (4) basa anu digunakeun dina kahirupan sapopoéna, nya éta basa Sunda; (5) ayana kasenian tradisional anu masih kénéh dilaksanakeun diantarana jaipongan, ketuk tilu, gembyung, jeung kuda rénggong; (6) pakasabanana anu leuwih nyoko kana tatanén: sarta (7) sistem téhnologi jeung pakakas hirupna anu sabagian masarakatna masih ngagunakeun téhnologi sarta

pakakas anu tradisional, upamana dina wangun imah, pakakas tatanén, jeung pakakas sapopoéna.

Tradisi ngaruat lembur téh nya éta tradisi asli masarakat Désa Tanjungsiang anu geus aya ti jaman baheula sarta diwariskeun sacara turun-tinurun. Sajarah ayana tradisi ngaruat lembur di Désa Tanjungsiang téh raket patalina jeung lalampahan kolot-kolot baheula anu nyieun lembur di éta désa sarta raket patalina jeung sumebarna agama Islam di jaman baheula. Jaman baheula mah nyebarkeun agama Islam téh salah sahijina ku cara diasup-asupkeun kana tradisi jeung kasenian-kasenian diantarana ngaliwatan tradisi ngaruat lembur téa.

Masarakat Désa Tanjungsiang museurkeun ieu tradisi ngaruat lembur pikeun ménta kasalametan ka Pangéran, sarta salaku wujud rasa sukur ka Pangéran lantaran geus dipaparin mangrupa-rupa ni'mat ku Mantenna. Dina prak-prakana éta tradisi ngaruat téh sok dilaksanakeun ku cara ngariung sukuran bari maké sasajén sarta ngukus anu seungit-seungit (menyan), ngintunkeun hadiah ka Kanjeng Nabi, maca sholawat jeung doa, dahar babarengan, sarta sok dipungkas ku acara hiburan (ketuk tilu atawa gembyung). Jaman baheula mah, sabada dahar babarengan téh sok diayakeun ritual ngubur hulu embé atawa hulu munding.

Ulikan ngeunaan unsur sémiotika (ikon, indeks, jeung simbol) anu aya dina tradisi ngaruat lembur téh bisa katitén tina runtuyan acarana, pakakas-pakakas kasenianana, sarta bahan-bahan (sasajén) anu digunakeunana dumasar kana hasil wawancara jeung sesepuh-sesepuhna. Ikon anu kapanggih dina tradisi ngaruat lembur téh aya 5 nya éta dina bonéka wayang, jawér kotok, tumpeng, gapura tina barangbang (daun kalapa), jeung jambé. Indeks anu kapanggih dina tradisi ngaruat lembur di Désa Tanjungsiang téh aya 11 nya éta dina tradisi ngaruat lembur, sasajén, daun kalapa, daun awi, seungitna menyan, seungitna minyak kasturi, seungitna cai kopi, seungitna cai entéh, haseup roko, sora anu ngadoa, jeung sora tatabeuhan. Simbol anu kapanggih dina tradisi ngaruat lembur di Désa Tanjungsiang téh aya 21 nya éta parukuyan, roko surut, menyan jeung minyak kasturi, cai kopi pait jeung cai kopi amis sarta cai entéh pait jeung cai entéh amis, cai hérang, bubur beureum jeung bubur bodas, seupaheun, jukut palias, jawér kotok, bako tampang, tumpeng, bakakak, rurujakan, dawegan, nyiru, tangtang

Wini Widiastuti, 2014

TRADISI NGARUAT LEMBUR DI DESA TANJUNGSANG KECAMATAN TANJUNGSANG KABUPATEN SUBANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI SMA KELAS XII (Ulikan Sémiotik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

angin, beubeutian jeung bungbuahan, hulu embé atawa hulu munding, ketuk, terbang jeung paseuk, sarta kasenian wayang.

Dina tradisi ngaruat lembur téh euyeub ku siloka jeung ma'na-ma'na anu ngawujud dina wangun ajén-inajén. Éta ma'na-ma'na anu nyampak téh bisa dijadikeun dadasar ku masarakatna dina ngalakohan kaahirupan sapopoé. Sangkan éta ma'na-ma'na anu nyampak téh dipikanyaho ku nonoman atawa rumaja kiwari, ku kituna ieu hasil panalungtikan téh dilarapkeun pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII.

5.2 Saran

Sabada ditalungtik, réa pisan mangapaat ngeunaan tradisi ngaruat lembur téh hususna pikeun panalungtik. Dipiharep éta hasil panalungtikan téh bisa nambahan pangaweruh pikeun anu maca. Anapon saran anu baris ditepikeun nya éta pikeun Disbudpar Kabupatén Subang jeung masarakat Subang, murid, mahasiswa jeung guru, sarta pikeun masarakat umum.

1. Disbudpar Kabupatén Subang jeung Masarakat Subang

Disbudpar Kabupatén Subang jeung masarakat Subang hususna, kudu bisa ngariksa tur ngamumulé tradisi anu aya di masarakatna, sangkan éta tradisi téh henteu tumpur kalindih ku jaman. Dipiharep masarakat Subang bisa ngalarapkeun ajén-inajén anu nyampak dina éta tradisi pikeun kahirupan sapopoéna.

2. Murid, Mahasiswa, jeung Guru

Dina ieu hasil panalungtikan téh loba hal-hal anu kudu diguar. Ku kituna, dipiharep hasil ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun pikeun bahan pangajaran di sakola-sakola. Guru kudu bisa ngarojong ka murid-muridna sangkan miboga sikep reueus kana tradisi-tradisi anu aya, diantaranya ku cara ngawanohkeun éta tradisi ngaliwatan pangajaran-pangajaran formal.

3. Masarakat Umum

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi salah sahiji sarana pikeun masarakat umum dina mikawanoh deui tradisi-tradisi anu aya. Masarakat kudu boga

kareueus jeung kahayang pikeun ngariksa tur ngamumulé budaya Sunda sangakan éta budaya téh tetep nanjeur.



Wini Widiastuti, 2014

**TRADISI NGARUAT LEMBUR DI DESA TANJUNGSANG KECAMATAN TANJUNGSANG KABUPATEN
SUBANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI SMA KELAS XII (Ulukan
Sémiotik)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu